



# Avi sou Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Prive

Dat li kòmanse: 26 Mas 2013  
(Revize: 1 Novanm 2017)

## AVI SA A DEKRI FASON NOU KA ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU AK FASON OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI REVIZE AVI SA A AVÈK ANPIL ATANSYON.

Kòm yon paran/responsab legal yon pasyan minè nan Nicklaus Children's Health System "NCHS", ou se "reprizantan legal" pasyan an." Lè w ap li Avi sa a tanpri konprann lè nou itilize tèm "ou", nou vle di pasyan pedyatrik la.

**Fason Nou Kapab Aplike Avi a** - Avi sa a dekri pratik konfidansyalite enfòmasyon prive Nicklaus Children's Health System ak enstitisyon afilye yo tankou Nicklaus Children's Hospital ak sant medikal pasyan ki pa entènè ki endike nan paj siyati a. Chak nan enstitisyon afilye sa yo se òganizasyon legal apa ki konsène, nan Avi a, men pou objektif règ enfòmasyon prive HIPAA, nou deziyen yo kòm yon òganizasyon senp ki konsène nan Avi a epi k ap swiv kondisyon Avi sa a. Pou objektif Avi sa a, nou itilize tèm "NCHS," "nou" (we) ak "nou" (our) nan Avi sa a pou endike Nicklaus Children's Health System ak sant medikal li yo ak òganizasyon Afilye li yo, tankou Nicklaus Children's Hospital ak sant medikal pasyan ki pa entènè. Chak nan òganizasyon sa yo ka divilge enfòmasyon yo youn ba lòt pou objektif tretman, peman oswa operasyon swen sante, jan sa dekri nan Avi sa a.

**Obligasyon konsènan Enfòmasyon Prive** - NCHS gen obligasyon dapre lalwa pou kenbe an sekre enfòmasyon sou sante ki konsène ou epi ki kapab idantifye ou ("Enfòmasyon Pwoteje sou Sante" oswa "PHI"), pou ba ou Avi pou responsablite legal nou yo ak sou pratik enfòmasyon prive nou anrapò avèk PHI ou, pou voye avi ba ou apre yon vyolasyon enfòmasyon ki pwoteje sou sante ou, epitou pou respekte kondisyon Avi sa a ki anvigè nan moman an. Nou gen dwa pou fè chanjman nan Avi sa a. Nou gen dwa pou fè Avi ki revize oswa chanje a vin anvigè pou enfòmasyon medikal nou genyen deja sou ou ak pou nenpòt enfòmasyon nou resewva pivevan. N ap afichè yon kopi dènye Avi a nan chak lokal ki idantifye anba la yo. Avi a ap gen ladan dat li anvigè. Yon kopi dènye Avi a ap disponib pou ou lè ou jwenn admisyon pou premye fwa nan Nicklaus Children's Health System pou jwenn tretman oswa sèvis, sou demann ou, epi nan lòt vizit si nou revize Avi a.

**Pwomès Nou** - Nou rekonèt tout enfòmasyon ki konsène ou ak sante ou se enfòmasyon ki pèsonel. Nou pran angajman pou pwoteje enfòmasyon sa yo. Lè ou resewva sèvis nan NCHS, nou kreye yon dosye medikal pou sa. Dosye sa a dekri sèvis nou ba ou yo ak sèvis ki nesesè pou nou ba ou ansanm avèk bo kalite swen sante pou nou konfòme nou avèk sèten kondisyon legal. Avi sa a aplike pou swen nou bay nan NCHS, kit se anplwaye NCHS ki ba ou swen sante a kit se yon doktè ki patisipe nan ba ou swen sante nan NCHS. Avi sa a ap fè ou konnen fason nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou. Avi a dekri tou dwa ou genyen ak sèten obligasyon nou genyen konsènan itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal ou yo.

### FASON NOU KA ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON SOU SANTE OU

Kategori ki endike anba la yo dekri kèk fason diferan nou ka itilize enfòmasyon sou sante ou nan NCHS ak fason nou ka divilge enfòmasyon ou yo ba moun ak òganizasyon ki deyò NCHS. Nou pa bay lis chak itilizasyon oswa divilgasyon nan kategori yo, men tout itilizasyon ak divilgasyon nou gen pèmision pou fè ap tonbe nan youn nan kategori sa yo:

**Itilizasyon ak Divilgasyon pou Tretman, Peman ak Operasyon Swen Sante:** Nou ka itilize PHI ou pou trete ou, pou jwenn peman pou sèvis nou ba ou yo epi pou fè operasyon "swen sante", jan sa dekri anba la a:

**Tretman:** Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sou sante ou pou ba ou tretman ak lòt sèvis – pa egzanp pou fè dyagnostik epi pou trete chòk ou oswa maladi ou. Nou ka divilge PHI ou ba doktè, enfimye, teknisyen, etidyan medikal, estajè ak lòt anplwaye ki patisipe nan ba ou swen pandan vizit ou avèk nou oswa ba moun ki deyò NCHS ki fè pati nan ekip swen sante ou tou.

**Peman:** Nou ka itilize epi divilge PHI ou ba konpayi asirans ou oswa ba lòt twazyèm pati pou nou resewva peman pou sèvis yo. Pa egzanp, nou ka bezwen bay enfòmasyon ba plan sante ou konsènan operasyon ou te fè pandan ou te isit la pou yo kapab peye nou oswa pou yo kapab ranbouse nou. Nou ka fè plan medikal ou konnen tou yon tretman ou pral resewva pou ka jwenn otorizasyon davans, oswa pou detèmine si plan ou ap garanti tretman an. **Eksepsyon:** Si ou peye avèk lajan pòch ou pou tout frè nou reklame pou atik oswa sèvis swen sante ou, ou gen dwa pou mete restriksyon sou sèten divilgasyon PHI ou pou plan sante ou (gade seksyon ki 'Adwat Restriksyon sou Demann lan').

**Operasyon Swen Sante:** Nou ka itilize epi divilge PHI ou anrapò avèk operasyon swen sante ou. Pa egzanp, nou ka itilize PHI ou pou fè aktivite asirans kalite, tankou pou evalye kalite ak konpetans doktè, enfimye ak lòt travayè swen sante; pou fè aktivite sèvis pasyan, oswa pou fè ankèt sou plent yo. Nou ka divilge enfòmasyon sa yo tou ba asosye biznis nou ki ede nou avèk fonksyon administratif yo ak lòt fonksyon yo. Nou egzijè asosye biznis nou yo pou yo pwoteje enfòmasyon sou sante pasyan nou yo kòm sadwa.

**Rapèl Randevou/Lòt Kalite Tretman/Avantaj ak Sèvis ki Asosye avèk Sante** - Nou ka itilize epi divilge PHI ou pou kontakte ou pou ba fè ou sonje lè ou gen randevou oswa pou ba ou enfòmasyon sou lòt kalite tretman oswa lòt avantaj ki asosye avèk sante ki ka enterese ou.

**Aktivite Ranmasaj Lajan** - NCHS ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ki konsène ou pou kontakte ou nan yon efò pou òganizasyon nou an ak operasyon li yo. Nou ka divilge enfòmasyon sa yo ba Miami Children's Health Foundation pou ede nou nan aktivite ranmasaj lajan. Nou ta bay sèlman enfòmasyon pou kontakte ou, tankou non ou, adrès ou ak nimewo telefòn ou, ak dat ou te resewva tretman oswa sèvis nan NCHS. Ou gen dwa pou chwazi pou pa resewva komunikasyon yo sou aktivite ranmasaj lajan nenpòt lò, epi nou dwe satisfè demann ou. Si ou ta renmen chwazi pou pa resewva komunikasyon konsènan aktivite ranmasaj lajan, tanpri fè Fonksyonè ki Responsab Enfòmasyon Prive a konnen sa alekri, oswa fè demann pou retire non ou avèk metòd ou nou ba ou ansanm avèk komunikasyon aktivite ranmasaj lajan.

### SITIYASYON KOTE OU GEN YON OPÒTINITE POU DAKÒ OSWA POU PA DAKÒ AVÈK ITILIZASYON AK DIVILGASYON PHI OU

**Anyè Lopital** - Nicklaus Children's Hospital ka mete non ou, kote ou ye nan lopital la, eta sante jeneral ou (pa egzanp, pasab, estab, elatriye) ak afilyasyon relijye ou nan yon anyè pasyan san nou pa jwenn otorizasyon ou sof si ou pa dakò pou nou mete non ou nan anyè a. Nou ka divilge enfòmasyon sa yo ba moun ki mande pou ou dapre non ou, sof pou afilyasyon relijye ou. Nou ka divilge afilyasyon relijye ou ba yon manm legliz, menmsi li pa mande pou ou dapre non ou. Sa fèt konsa pou fanmi ou, zanmi ou ak manm legliz ou kapab vizite ou nan lopital la epi pou yo konnen anjeneral kijan ou ye.

**Moun ki Patisipe nan Swen Sante Ou oswa nan Peman pou Swen Sante Ou** - Nou ka divilge PHI ou ba yon manm fanmi ou, yon zanmi ou oswa ba lòt moun nan limite ki nesesè pou yo bay èd nan swen sante ou oswa pou yo bay èd pou peman swen sante ou. Anvan nou divilge enfòmasyon medikal ou ba yon moun ki patisipe nan swen sante ou oswa nan peman pou swen sante ou, n ap ba ou yon opòtinite pou pa dakò pou itilizasyon oswa divilgasyon sa yo. Si ou pa la, oswa sizoka ou entatad oswa sizoka gen yon ijans, n ap divilge enfòmasyon medikal ou dapre jijman pwofesyonèl nou pou konnen si divilgasyon enfòmasyon yo ta nan pi bon enterè ou.

### SITIYASYON ESPESYAL KOTE NOU PA BEZWEN OTORIZASYON OU

Nan sèten ka, lwa federal oswa lwa eta a ka egzijè nou oswa ka ban nou pèmision pou bay PHI ou pou ajans federal ki endike anba la sa yo san nou pa jwenn okenn pèmision ou aloral oswa alekri:

**Otorite Sante Piblik/Ajans Sipèvizyon Sante** - Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou pou aktivite sante piblik, tankou pou rapòte maladi, chòk, evènman ki anrapò avèk lavi tankou akouchman oswa lanmò, epi pou fè siveyans sante piblik, ankè ak/oswa entèvansyon. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba yon ajans sipèvizyon sante pou aktivite sipèvizyon lalwa otorize, tankou pou odit, ankèt, enspeksyon, pèmi pou fonksyone oswa mezi disiplinè, ak/oswa pwosedi oswa aksyon administratif oswa legal.

**Abi oswa Neglijans** - Dapre lwa federal ak lwa eta, nou ka divilge PHI ou lè li konsène abi, neglijans oswa vyolans nan kay pou ou. Nou gen obligasyon pou rapòte abi oswa neglijans nou sospèk moun fè sou timoun oswa sou adilt ki frajil nan Liy Dirèk pou Rapòte Abi ba Biwo Santral Depatman Timoun ak Fanmi Florida.

**Depatman Sante ak Sèvis Sosyal/Ajans Florida pou Administrasyon Swen Sante ("Ajans" lan)** - Nou ka divilge PHI ou lè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini egzijè sa nan yon ankèt oswa nan yon detèminasyon konfòmite avèk lwa ki anvigè. Nou ka divilge PHI ou ba ajans lan pou diminye depans pou swen sante ou oswa pou bay repons pou yon papye nou resewva pou ale nan tribinal.

**Anrapò avèk Pwosedi Jidisyèl ak Administratif** - Nou ka divilge PHI ou nan nenpòt aksyon sivil oswa kriminel, sof si nou lalwa entèdi nou fè sa, pou nou bay repons pou yon lòd tribinal oswa pou yon lòd administratif si nou gen obligasyon dapre papye pou prezante nan tribinal la pou prezante nan yon odyans pou depozisyon, odyans pou bay prèv oswa pwosè, men sèlman si nou te fè efò pou mete ou okouran demann lan.

**Lapolis** - Nou ka divilge PHI ou ba yon ofisyèl lapolis oswa ba doktè egzaminatè pou fè yo konnen yon ka lanmò nou kwè ki ka se rezilta zak kriminel. Nou ka fè yon ofisyèl lapolis konnen si ou te pran chòk nan yon aksidan veyikil-a-motè ak si nivo alkòl ki nan san ou depase limit legal la. Nou gen obligasyon pou rapòte ba ofisyèl lapolis lokal yo nenpòt blesi akòz koutzam oswa nenpòt chòk ki menase lavi ki endike yon zak vyolans.

**Òganizasyon Sekirite Ransèyman Nasyonal** - Nou ka divilge PHI ou pou fonksyon espesyalize gouvènman an, tankou aktivite sekirite nasyonal ak ransèyman, epi pou bay sèvis pwoteksyon pou Prezidan an.

**Doktè lejis, Doktè Egzaminatè ak Responsab Ponp Finè** - Nou ka divilge PHI ou ba doktè lejis, doktè egzaminatè, oswa direktè ponp finè dapre lwa ki anvigè pou yo egzekite fonksyon yo.

**Òganizasyon ki Resewva Don Ògàn ak Tisi** - Si ou se yon donè ògàn, nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba yon òganizasyon ki resewva epi ki pwokire don ògàn.

**Ajan Konpansasyon Travayè** - Nou ka divilge PHI ou pou pwogram konpansasyon travayè oswa pou pwogram ki sanble.

**Otorite Kòmanman Militè** - Si ou se yon manm fòs lame, nou ka divilge PHI ou jan otorite kòmanman militè a egzijè sa.

**Enstitisyon Koreksyonèl** - Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba yon enstitisyon koreksyonèl ki mete ou nan gadavi legal si lè nou fè sa li nesesè pou sante ou ak sante ak sekirite lòt moun yo.

**Sekou Annijans pou Sikonstans ak Katastwòf** - Nou itilize oswa divilge PHI ou ba yon òganizasyon piblik oswa prive lalwa otorize oswa dapre chapit lalwa pou ede nan efo sekou akòz katastwòf (tankou Lakwa-Wouj).

**Pou Evite Yon Menas Grav pou Sante oswa pou Sekirite** - Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal ki konsène ou lè li nesesè pou evite yon menas grav pou sante ak sekirite ou, oswa pou sante oswa sekirite piblik la, oswa pou sante oswa sekirite yon lòt moun. Men, nou ta fè nenpòt divilgasyon sèlman ba yon ajans gouvènman oswa ba otorite ki kapab ede evite menas lan.

**Rechèch** - Nan sèten sikonstans epi depi nou pwoteje idantite ou, nou ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou pou objektif estatistik ak rechèch, tankou planifikasyon rechèch ak kreyasyon pwopozisyon rechèch toutotan nou pa retire Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou, kopye yo oswa konpomwèt yo.

**Jan Lalwa Egzijè sa** - N ap divilge PHI ou lè lwa federal, lwa eta oswa lwa lokal egzijè nou fè sa.

*Si yon itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sou sante ki dekri anwo a nan Avi sa a entèdi oswa limite nèt dapre lwa eta a, entansyon nou se pou satisfè egzijans lwa ki pi sevè.*

### SITIYASYON KOTE NOU OBLIJE GEN OTORIZASYON OU

**Pwoteksyon Espesyal Enfòmasyon sou VIH, Enfòmasyon sou Abi Alkòl ak Dwòg, Enfòmasyon sou Sante Mantal, ak Enfòmasyon Jenetik** - Lwa eta a ak/oswa lwa federal ka mete restriksyon nan fason kote nou ka itilize kalite PHI espesyal ou ak/oswa restriksyon ba moun nou ka divilge enfòmasyon medikal yo, tankou enfòmasyon sou kondisyon VIH, enfòmasyon sou tretman pou abi alkòl ak dwòg, enfòmasyon sou tretman sikyatrik ak enfòmasyon jenetik. Nan ka sa yo, kote gen restriksyon espesyal sou itilizasyon ak/oswa divilgasyon PHI sa a, n ap chèche otorizasyon apwopriye ou, reprizantan legal ou oswa yon tribinal/tribinal administratif anvan nou itilize oswa divilge enfòmasyon sa yo.

**Maketing** - Nou p ap itilize PHI ou pou rezon maketing san otorizasyon ou. Si ou te dakò pou resewva enfòmasyon sou maketing men ou pa vle resewva enfòmasyon yo ankò, tanpri fè Fonksyonè ki Responsab Enfòmasyon Prive a konnen sa alekri pou fè demann retrè ou.

**Lavant PHI** - Nou p ap divilge PHI ou pou nou resewva nenpòt konpansasyon finansye san otorizasyon ou.

**Rechèch** - Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba chèchè apre ou siyen yon otorizasyon espesyal alekri pou yon etid rechèch espesyal. Nan sikonstans ki limite anpil, nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba chèchè lè Komite Etik Enstitisyonèl [Institutional Review Board (IRB)] pibliye yon anilasyon apre yo asire gen garanti ki anplas pou pwoteje enfòmasyon prive ou. Yon IRB se yon komite ki responsab pou pwoteje pasyan ki nan rechèch epi pou asire rechèch la fèt avèk etik. Tout pwojè rechèch yo dwe jwenn apwobasyon IRB. Nou p ap itilize enfòmasyon sou sante ou epitou nou p ap mande ou pou patisipe nan yon pwojè rechèch yon IRB pa revize ak apwouve.

**Lòt Itilizasyon ak Divilgasyon PHI Ou** - Lòt itilizasyon ak divilgasyon PHI ou ki pa konsène nan Avi sa a oswa nan lwa ki aplike pou NCHS ap fèt sèlman avèk pèmision (otorizasyon) alekri ou. Ou ka anile otorizasyon sa a jan sa dekri anba la a.

### DWA OU KONSÈNAN ENFÒMASYON SOU SANTE KI KONSÈNE OU

**Dwa pou Mandè Restriksyon** - Ou gen dwa pou mandè limit sou itilizasyon enfòmasyon medikal ou pou swa tretman, peman oswa operasyon swen sante. Ou gen tou dwa pou mandè yon limit sou enfòmasyon medikal nou divilge nou divilge ba yon moun ki patisipe nan swen sante oswa nan peman pou swen sante ou, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi ou. Pa egzanp, ou kapab mande pou nou pa divilge enfòmasyon ki konsène yon operasyon ou te fè. Pou mandè restriksyon yo, ou dwe fè demann lan alekri ba Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante Nicklaus Children's Health System. Si pwofesyonèl swen sante ou kwè li nan pi bon enterè ou pou bay pèmision pou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon pwoteje sou sante ou, nou p ap mete restriksyon sou enfòmasyon pwoteje sou sante ou. Si Nicklaus Children's Health System dakò pou restriksyon ou mande a, nou pa ka ni itilize ni divilge enfòmasyon pwoteje sou sante ou pou nou pa vyole restriksyon sa a sof si li nesesè pou nou ba ou tretman pou ijans.

**Peman avèk Lajan Pòch ou** - Si ou fè yon peman okonplè nan moman ou resewva yon atik oswa yon sèvis oswa anvan ou resewva yon atik oswa yon sèvis nan Nicklaus Children's Health System, ou gen dwa pou mande pou nou pa divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ou ba Plan Sante ou anrapò ak atik la oswa sèvis la. N ap satisfè demann ou depi ou satisfè obligasyon finansye ou.

**Dwa pou Mandè Komunikasyon an Sekre** - Ou gen dwa pou mande pou nou kominike zafè sante ou avèk ou nan yon sèten fason oswa nan yon sèten kote. Pa egzanp, ou kapab mande pou nou kontakte ou sèlman nan travay ou oswa pa lapòs. Demann ou dwe endike fason oswa kote ou vle pou nou kontakte ou. N ap satisfè tout demann rezonab ou yo. Pou mandè restriksyon yo, ou dwe fè demann lan alekri ba Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante.

**Dwa pou fè Enspeksyon ak Kopi** - Ou gen dwa pou enspekte enfòmasyon medikal nou konsève sou ou nou ka itilize pou pran desizyon konsènan swen sante ou oswa peman pou swen sante ou, epitou ou gen dwa pou resewva yon kopi nenpòt nan enfòmasyon sa yo. Anjeneral, sa ap gen ladan dosye medikal ou ak dosye faktirasyon ou, men pa nòt sikoterapi yo. Si nou konsève PHI ou nan yon fòma elektwonik (ki rele yon dosye medikal elektwonik oswa yon dosye sante elektwonik), ou gen dwa pou mande pou nou ba ou yon kopi elektwonik oswa pou nou transmèt li ba yon lòt moun oswa òganizasyon. Pou enspekte dosye medikal ou oswa dosye faktirasyon ou epi/oswa pou fè kopi dosye yo, ou dwe remèt demann ou alekri nan:

**Nicklaus Children's Health System**  
**Health Information Management Department**  
**Attention: Direktis**  
**3100 S.W. 62 Avenue**  
**Miami, Florida 33155-3009**

Nou ka reklame yon frè rezonab pou fè kopi dosye yo epi pou voye yo pa lapòs. Nou ka bay refi pou demann ou nan sèten ka limite. Si nou bay refi pou demann ou, ou ka mande pou nou revize refi ou. Se yon pwofesyonèl swen sante endepandan Fonksyonè Enfòmasyon Prive nou chwazi k ap fè revizyon sa yo. N ap respekte rezilta evalyasyon an.

**Dwa pou fè Chanjman** - Si ou panse enfòmasyon ki konsène ou pa kòrèk, ou ka mande nou pou fè chanjman nan dosye a. Pou mande yon chanjman, ou dwe fè demann lan alekri Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante nan adrès ki endike anwo a. Answit, ou dwe bay yon rezon ki kore demann ou. Nou pa gen obligasyon pou satisfè demann ou pou fè chanjman nan dosye ou.

**Dwa pou Anile Otorizasyon ou** - Si ou ba nou otorizasyon pou nou itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ki konsène ou, ou ka anile otorizasyon sa a, alekri nenpòt kilè. Si ou anile otorizasyon ou, nou p ap itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ki konsène ou ankò pou rezon ki endike nan otorizasyon alekri ou. Nou pa kapab retire okenn divilgasyon nou te fè deja avèk pèmision ou, epitou nou gen obligasyon pou konsève dosye swen sante nou te ba ou a. Yon fòm anilasyon alekri disponib sou demann nan Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante.

**Avi sou Vyolasyon** - Nan sèten ka, ou gen dwa pou resewva avi sizoka nou, oswa youn nan Asosye Biznis nou, dekouvri yon itilizasyon oswa yon divilgasyon ki pa apwopriye sou enfòmasyon sou sante ou. N ap ba ou avi pou nenpòt itilizasyon oswa divilgasyon konsa dapre egzijans leta ak egzijans federal.

**Kontrandi sou Divilgasyon yo** - Ou gen dwa pou mande yon "kontrandi sou divilgasyon yo." Se yon lis divilgasyon nou te fè sou PHI ou. Nou pa gen obligasyon pou ba ou lis sèten divilgasyon, tankou (1) divilgasyon ki fèt pou objektif tretman, peman ak operasyon swen sante, (2) divilgasyon ki fèt avèk otorizasyon ou, (3) divilgasyon ki fèt pou kreye yon seri done limite, epi (4) divilgasyon ki fèt dirèkteman ba ou. Ou dwe soumèt demann ou alekri nan Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante nou. Demann ou dwe endike yon peryòd tan ki ka pa depase sis (6) ane anvan demann ou. Demann ou ta dwe endike nan ki fòm ou ta renmen resewva kontrandi a (pa egzanp, sou papye oswa nan imèl). W ap resewva premye kontrandi ou mande nan nenpòt peryòd 12 mwa pou gratis. Pou lòt demann yo, nou ka fè ou peye pou frè rezonab pou nou ba ou kontrandi a. N ap fè ou konnen frè ou dwe peye yo, epi ou ka chwazi pou anile oswa chanje demann ou anvan ou peye nenpòt frè.

**Dwa pou Jwenn yon Kopi Avi Sa a sou Papye** - Ou gen dwa pou jwenn yon kopi Avi sa a sou papye, menmsi ou dakò pou resewva li sou fòm elektwonik. Tanpri kontakte nou selon eksplikasyon ki anba la a pou jwenn Avi sa a sou fòm ki alekri.

**Vèsyon nan Lang Etranje** - Si ou gen pwoblèm pou li oswa pou konprann Anglè, ou ka mande yon kopi Avi sa a nan Lang Panyòl oswa Kreyòl. N ap mete lang oswa fòma siplemantè disponib sou demann.

### KESYON OSWA ENKYETID

Si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou pratik enfòmasyon prive nou oswa si ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan Avi sa a, tanpri kontakte Fonksyonè ki Responsab Enfòmasyon Prive nou nan nimewo ki endike anba la a.

Si ou kwè nou vyole dwa ou pou enfòmasyon prive, ou ka fè yon plent alekri ba Fonksyonè ki Responsab Enfòmasyon Prive NCHS nan adrès:

**Nicklaus Children's Health System Privacy Officer**  
**3100 S.W. 62 Avenue**  
**Miami, Florida 33155-3009**  
**Telefòn: (786) 624-3838**

oswa ou ka kontakte Sekretè U.S. Department of Health and Human Services (HHS) (Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini).

Pou fè yon plent ba Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services), ou ka rele gratis nan nimewo 1-877-696-6775 oswa ou ka ale sou sitwèb Biwo Dwa Sivil nan www.hhs.gov/ocr/privacy. Ou kapab voye yon demann alekri ba:

**Office for Civil Rights**  
**U.S. Department of Health and Human Services**  
**Sam Nunn Atlanta Federal Center, Suite 16T70**  
**61 Forsyth Street, S.W.**  
**Atlanta, GA 30303-8909**

Ou p ap jwenn sanksyon ni nou p ap fè vanjans kont ou nan okenn fason poutèt ou fè yon plent.

### SANT MEDIKAL AK ÒGANIZASYON AFLIYE NICKLAUS CHILDREN'S HEALTH SYSTEM

Avi sa a aplike pou pratik enfòmasyon prive sant medikal ak Òganizasyon Afilye Nicklaus Children's Health System ki endike anba la yo:

- Nicklaus Children's Health System, Inc
- Variety Children's Hospital d/b/a/ Nicklaus Children's Hospital
- Variety Children's Hospital d/b/a/ Nicklaus Children's Aventura Care Center
- Variety Children's Hospital d/b/a/ Nicklaus Children's Dan Marino Center
- Variety Children's Hospital d/b/a/ Nicklaus Children's Doral Outpatient Center
- Variety Children's Hospital d/b/a/ Nicklaus Children's Miami Lakes Outpatient
- Variety Children's Hospital d/b/a/ Nicklaus Children's Nirvaire Chowdhury Midtown Center
- Variety Children's Hospital d/b/a/ Nicklaus Children's Miramar Outpatient Center
- Variety Children's Hospital d/b/a/ Nicklaus Children's Palm Beach Gardens Outpatient Center
- Variety Children's Hospital d/b/a/ Nicklaus Children's Palmetto Bay Outpatient Center
- Variety Children's Hospital d/b/a/ Nicklaus Children's Pinecrest Urgent Care Center
- Variety Children's Hospital d/b/a/ Nicklaus Children's Sports Health Center
- Variety Children's Hospital d/b/a/ Nicklaus Children's West Bird Outpatient Center
- Variety Children's Hospital d/b/a/ Nicklaus Children's West Kendall Outpatient Center

Òganizasyon ki Afilye yo:

- Nicklaus Children's Health System Foundation
- Pediatric Specialists of America